# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# दाऊद,
# एगो चरवाहा लइका

लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Lazarus
अनुकूलित: Ruth Klassen
Alastair Paterson
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

बहुत समय पहिले, इस्राएल क राजा शाऊल की दिन में, दाऊद नाम क एगो लड़का अपनी सात भाइन की संगे अपनी बाबू जी की भेड़न क रखवाली करे में मदद करत रहल। हालांकि उ सबसे छोट रहल, पर दाऊद, एगो मजबूत, बहादुर अउर परमेश्वर के पीयार करे अउर उन पर भरोसा करत रहल। उ सब बेथलहम की एगो शहर में रहत रहलें।



एक दिन एगो शेर छोटका मेमना के खाये खातिर झुंड पर हमला कइलस। बालक दाऊद हमलावर पर हमला कर दिहलन। मेमना के बचवला की बाद, उ ओ के भयावह गरजे वाला जानवर की जबड़ा के पकड़लन अउर ओ के मार डललन। दाऊद के पता रहल कि परमेश्वर उन के मदद करे लें।



शमूएल, परमेश्वर क भक्त, अभी भी राजा शाऊल से दुःखी रहलन, जे ख़राब तरह से परमेश्वर की योजन के विफल क दिहले रहलन।

परमेश्वर शमूएल के डटलें, "कब तक तू शाऊल की खातिर शोक करबअ?" "हम तोहके यिशै की पास भेजत बानी ... काँहे से कि हम उनकी बेटन में से एगो के राजा चुन ले ले बानी" यिशै दाऊद क बाप रहलन।





हालांकि शमूएल के ई पता रहल कि यदि उ नाया राजा की तलाश में जइहन त, राजा शाऊल उनके जान से मार सकत बाने, फिर भी पैगंबर परमेश्वर क बात मनलें।



जब शमूएल उहां पहुँचलन, यिशै अपनी सातों लड़कन के शमूएल की सामने आवे खातिर कहलें। शमूएल यिशै से कहलन, "यहोवा इन में से केहू के नेइखन चुनले" अब खाली दाऊद, सबसे छोटका बेटा बच गइल रहलन। उ भेड़न की साथ बाहर गइल रहलन। दाऊद के अंदर लियावल गइल। अउर यहोवा कहलें, "इहे हउवन, उठअ, उनके अभिषेक करअ"।

शाऊल की महल में से प्रभु क आत्मा शाऊल के छोड़के चल गइल अउर अब उ एगो बहुत परेशान मनुष्य हो गइलन। उनकर कर्मचारी लोग सोचलें शायद बढ़ियाँ संगीत शाऊल की मन के स्थिर कर सके ला। ओ में से एगो, कवनो युवक के जानत रहल जे बहुत बढ़ियाँ तरह से वीणा बजावल जानत रहलन। आप के का लागत कि उ युवक के रहल, अनुमान लगाइं? हँअ, उ दाऊदे ही रहलन।



दाऊद क संगीत शाऊल के शांत कइलस अउर सही सोचे की खातिर उनके मदद कइलस। शाऊल यिशै से दाऊद के राजा की सेवा में रहे खातिर माँग कइलन। जब कभी भी शाऊल के उदासी या डर क दौरा पड़े, दाऊद उनकी खातिर वीणा बजावें जे से शाऊल के बड़ा मदद मिलल।



जब दाऊद अपनी घरे चल गोइलन तब, शाऊल पलिश्तियन की संगे एगो बड़ लड़ाई लड़लन। दाऊद क भाई शाऊल की सेना की ओर से लड़लें। यिशै दाऊद के उनकरी भाई लोग की लगें भेजलें ताकि उनकी खातिर उ खाना ले जावें अउर पता लगावें कि उ लोग लड़ाई की मैदान में कइसन बाने।



एगो विशाल पलिश्ती ... विशाल, गोलियात, सब इस्राएली सैनिकन के डेरा दिहले रहल।



"अपनी खातिर एगो आदमी के चुन लअ लोग, अउर ओ के हमरी पास आवे दअ जा!" गोलियात चिल्लाइल। यदि उ हमरी संगे लड़ के हमके मार डाली, तअ हमनी क सब केहु हमेशा की खातिर तोहन लोग क गुलाम हो जाइब जा। लेकिन यदि हम ओ के मार डालब, "तब तू सब हमनी क नौकर अउर हमेशा सेवा करिहअ जा।" इस्राएल के सब पुरुष लोग



जब ओ के देखलें, ओ विशाल आदमी के देख के ओकरी पास से भाग गइलें अउर बहुत डेराये लगनें।

तब दाऊद शाऊल से कहलन,
"ओकरी कारन एतना डेरइला क बात
नेइखे, अपनी ए दास के जाये देइं, हम ए
पलिश्ती की साथ लड़ब।" शाऊल चाहत
रहलन की दाऊद कवच पहिने अउर एगो
तलवार की संगे जॉव। एकरी बजाय,
दाऊद अपनी गोफन के लिहलन
अउर नाला में से पांच चिकन
पत्थर उठवलें।



जब बालक दाऊद के गोलियात बिना कवच क देखलस, तब उ हँसे लागल। उ गरजते हुवे कहलस, "हम आकाश की पक्षियन अउर मैदान की पशुवन के देह शरीर खाये खातिर दे देइब!" दाऊद जवाब दिहलें, "हम तोहरी पास प्रभु यहोवा की नाम से आवत बानी!" "आज की दिन यहोवा तोहके हमरी हाथ में कर दिहन... काँहे से कि ई लड़ाई यहोवा क हअ!"





तब दाऊद सीधे गोलियात की ओर भगलें। दउरते हुवे, उ एगो पत्थर निकाल के अपनी गोफन से - गोलियात के माथा में मरलें। गोलियात चित्त गिर गइल!

दाऊद जल्दी से गोलियात क विशाल तलवार खींच के ओकर सिर काट के अलग कर दिहलन। जब पलिश्ती गोलियात के मूवल देखलें, उ अपनी जीवन के बचवे खातिर भाग गइलें।





राजा शाऊल के ई याद ना रहलन की ई उहे दाऊद हउवन जेवन उनकरी खातिर वीणा बजावल करे लन। उ दाऊद के अपनी सेना क मुखिया बना दिहलन - अउर जब लोग दाऊद की जीत के सम्मानित कइलें, तब उ ईर्ष्या से भर गइलन। शाऊल सोचलन, "अब अउर ओ के का चाहीं, राज?" ओ दिन से शाऊल, दाऊद पर नजर रहे लगलन।



फिर, राजा शाऊल क मन परेशान भइल। तब दाऊद संगीत बजाके ओ के शांत कइलन अउर पीड़ा कम करे क कोशिश कइलन। तीन बार शाऊल दाऊद पर उनकर भाला फेकलन। लेकिन दाऊद हर बार बच गोइलन। शाऊल,



दाऊद से डेरात रहलन, उ जानत रहलन की यहोवा दाऊद की संगे रहेलें अउर शाऊल के त्याग दिहले बाड़न।



लेकिन शाऊल क बेटा योनातान, दाऊद के एगो भाई की तरह पीयार करत रहलन। "हमार पिता शाऊल तोहके मारल चाहत बाने, दाऊद के चेतावनी दिहलन।" इ खातिर दाऊद भाग गइलन। उनकर मेहरारू उनकरी बिस्तर में एगो पुतला रख दिहली, अउर बीच रात में दाऊद के खिड़की से ऊतार के भगा दिहली। जब शाऊल क सेवक सुबह में अइलें तब देखलें कि, दाऊद भाग चुकल रहलन।



दाऊद के शाऊल से बहुत दूर भागे के पड़ल। भगला से पाहिले उ योनातान की साथ एगो वाचा बन्हलन। उ हमेशा एक दूसरा की मदद क वादा कइलन। अफसोस करत करत, दूनो दोस्त एक दूसरा से अलविदा कहलन। दाऊद एगो अइसन जगह की तालाश में रहलन, जहाँ उ शाऊल की सैनिकन की खोज पवला की



डर के
बिना रह सकें।

# दाऊद, एगो चरवाहा लड़का

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

1 शमूएल 16-20

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16